



Kesyon yo Poze Souvan?

K: Mwen travay ap pentan. Èske mwen ka toujou yon founisè?

R: Absoliman. Pifò founisè yo travay ap pentan oswa a tan pasyèl. Anjeneral, moun yo ale nan pwogramasyon pandan jounen an, epi finansman sèvis gadri ka disponib pou plizyè èdtan lè moun nan p ap travay oswa li nan pwogram lajounen an.

K: Èske mwen pral resevwa fòmasyon?

R: Wi. Tout founisè yo resevwa anpil fòmasyon anvan yo sètifye kay yo. Yo resevwa tou yon fòmasyon anyèl apre sa.

K: Ki sipò mwen pral resevwa?

R: Chak founisè se yon manb patikilye yon ekip pwofesyonèl ki ka gen ladan yon Lyezon Kay, Enfimyè ak yon Siko-lòg. Anplwaye Biwo Pou Moun ki Gen Andikap Devlopman (OPWDD) sa yo bay fòmasyon, reponn kesyon epi aji kòm resous.

K: Ki jan yo pral jwenn yon moun pou lakay mwen?

R: Yo evalye moun ki gen andikap devlopman ki enterese viv ak yon fanmi akèy ak yon pwosesis ki gen ladan entèvyou, tès depistaj ak anpil atansyon epi devlope yon konpreyansyon sou preferans pèsonèl yo. Yo fè tout efò pou chak moun gen yon kay ki pi byen adapte pou bezwen yo nan sa ki gen pou wè ak kote, kalite anviwònman, konpozisyon menaj la ak konpatibilite ak founisè a ak lòt moun k ap viv nan kay la. Yo pran an konsiderasyon tou disponiblite sèvis ki nesèsè yo. Yo ka itilize vizit esè pou ede detèmine si yon moun nan yon fwaye Swen Fanmi.



Office for People With
Developmental Disabilities

44 Holland Avenue
Albany, NY 12229-0001



Office for People With
Developmental Disabilities



Swen Fanmi



(866) 946-9733 | Sistèm Relè New York 711

www.opwdd.ny.gov



OPWDD pran angajman pou l bay yon varyete sipò rezidansyèl ak sèvis pou moun ki gen andikap devlopman. Bwochi sa a bay yon apèsi sou pwogram Swen Fanmi nou an, ki ede moun ki gen andikap devlopman pou yo viv nan kay prive kote yo pral bay yo sipò pou swen, konsèy ak konpayi fanmi. Chak fwaye Swen Fanmi nou yo fèt pou bay chak moun n ap sèvi yon bon kalite swen endividyèl.

Ki sa ki Swen Fanmi?

Li te kòmanse an 1931, Pwogram Swen Fanmi OPWDD ede moun ki gen andikap devlopman yo viv nan yon kay prive sètifye si yo pa kapab viv poukont yo oswa ak pwòp fanmi yo. Pwogram Swen Fanmi an ankouraje yon anviwònman kay ki ankourajan ak ki estab pou prèske 1,000 moun ki kounye a abite nan fwaye Swen Fanmi nan tout Eta New York la.

Kilès yo sèvi nan Swen Fanmi?

Pwogram Swen Fanmi a sèvi moun ki gen andikap devlopman ki kalifye pou sèvis OPWDD, kèlkeswa laj yo oswa orijin yo.

Kilès ki Founisè Swen Fanmi?

Founisè Swen Familyal dwe gen omwen 21 an. Yo dwe pwopriyete oswa lokatè yon kay, yon apatman oswa yon kay mobil. Yo dwe dispoze pataje enterè yo epi yo dwe louvri pou fè eksperyans enterè yon moun ki gen andikap entelektiyèl oswa devlopman.

Eksperyans pase ak moun ki gen andikap devlopman pa nesèsè. Kondisyon ki pi enpòtan an se volonte pou bay swen, konpreyansyon ak sekirite yon moun k ap viv nan fami akèy bezwen. Yon fwaye Swen Fanmi bay yon fanmi pwolonje, ki bay sipò pou moun, ki ede yo vin manb aktif ak pwodiktif nan yon kay ak yon kominote.

Ki avantaj ki genyen lè w se yon Founisè Swen Fanmi?

Benefis ki petèt pi enpòtan founisè Swen Fanmi eksperimentante se konnen y ap fè yon diferans nan lavi yon moun ki gen yon andikap devlopman.

Founisè yo pataje lavi yo ak moun nan k ap viv lakay yo a, men lavi founisè yo anrichi tou lè yo pataje siksè ak defi moun nan.

Founisè yo resevwa ranbousman pou chak moun ki deplase lakay yo, tankou chanm ak manje, peman pou bay sèvis devlopman konpetans (Adaptasyon Rezidansyèl), ansanm ak ranbousman pou kantite frè kilometraj pou ale na randevou yo.

Pa gen ekipman espesyalize jeneralman nesèsè. Si li nesèsè, OPWDD ap bay li.

Ki jan pou mwen vin yon Founisè Swen Fanmi ki sètifye?

Premye etap la se yon premye vizit ak etid kay la. Etid kay la gen ladan yon enspeksyon sekirite kay asire ke kay la satisfè egzijans sekirite espesifik, entèvyou manb fanmi yo ak yon diskisyon ouvè pandan yo ka reponn nenpòt kesyon adisyonèl.

Aprè premye vizit sa a, demann la konplete. Lè sa a, aplikan yo ak manm fanmi yo (ki gen laj 18 an plis) yo sibi yon tchèk kriminel epi yo dwe otorize pa Rejis Santral Eta New York la pou Abi ak Move Tretman Timoun.

Lòt egzijans yo enkli tchèk referans pèsone ak anplwayè, prèv revni adekwa nan kay la ak apwobasyon doktè. Tout enfòmasyon yo rete konfidansyèl.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Swen Fanmi a, rele nimewo gratis Liy Enfòmasyon OPWDD a nan (866) 946-9733 oswa 711 TTY, vizite sit entènèt OPWDD a nan <https://opwdd.ny.gov/contact-us>, oswa voye yon imèl ba <https://opwdd.ny.gov/contact-us>, oswa voye yon imèl bay FamilyCare@opwdd.ny.gov.

